

Rights and Obligations/Consent – English

The following sentences shall be read by, or read to the person or parent or guardian of the person, in a language he or she understands:

- Standards for eligibility and participation in the WIC Program are the same for everyone regardless of race, color, national origin, sex, age, or disability.
- If you are planning to move out of state, let the WIC staff know so that you can be provided all the information that you need to obtain WIC benefits in your new state.
- If you have a disability that limits you in any way, you have a right to request free reasonable modifications, auxiliary aids and services (applicant and companion), or other accommodations when necessary to access programs or information.
- If you have trouble reading, writing, speaking, or understanding the English language, you have a right to request free language assistance services (interpreters, translated materials, or direct in-language services).
- You may appeal any decision made by the local agency regarding your eligibility for the WIC Program.
- The local agency will make health services and nutrition education available to you and you are encouraged to participate in these services.
- Florida's Surgeon General may authorize the disclosure and use of information about your participation in the WIC program for non-WIC purposes to State and local WIC agencies and public organizations only for use in the administration of their programs that serve persons eligible for the WIC program. The recipient of the information can only use it to determine your eligibility for its program, to conduct outreach for its program, to enhance your health, education or well-being while enrolled in its program, to streamline administrative procedures to minimize the burden on you or on staff, and to assess and evaluate Florida's responsiveness to participants' health care needs and health care outcomes.
- The WIC Program can communicate with my health-care providers to ensure continuity of services.
- I will not sell food, formula, medical foods, or breast pumps purchased with WIC EBT cards, or provided by WIC, nor will I exchange WIC items for anything of value. I understand that baby formula purchased with WIC EBT cards may not be exchanged at the store for another brand or type of formula.
- I have been advised of my rights and obligations under the Program. I certify that the information I have provided for my eligibility determination is correct, to the best of my knowledge. This information is required for the receipt of Federal assistance. Program officials may verify the information I have provided. I understand that intentionally making a false or misleading statement or intentionally misrepresenting, concealing, or withholding facts may result in paying the State agency, in cash, the value of food benefits improperly issued to me and may subject me to civil or criminal prosecution under State and Federal law.

Consent: Federal law prevents my/my child's identification as a WIC participant without my consent. I hereby give consent for the WIC Program to contact me by phone (leaving a message on my answering machine/voicemail), email, text, or mail (postcard), if needed. My consent also includes contacting me on the cell phone number I have provided and/or contacting me by use of an automatic dialing service with or without a pre-recorded voice message. I understand it is my right to refuse such contact and that this decision will not affect my eligibility or service with the WIC Program. WIC staff have been told of my decision to give consent, or not to give consent.

Co-Caretaker/Proxy: I have informed WIC staff of the person I selected to be my co-caretaker and/or proxy or of my choice not to designate a co-caretaker and/or a proxy at this time.

This institution is an equal opportunity provider.

Rights and Obligations/Consent – Haitian-Creole Dwa Ak Obligasyon/Konsantman

- Kritè de kalifikasyon ak patisipasyon pou Pwogram WIC-la se menm pou tout moun san distenksyon de ras, koulè, peyi kote ou fèt, sèks, laj oswa andikap/enfimite.
- Si w prevwa al viv nan yon lòt eta, fè anlwaye WIC yo konn sa dekwa pou yo ka ba w tout enfòmasyon ou bezwen pou resevwa benefis WIC yo nan nouvo eta w lan.
- Si ou genyen yon andikap ki limite ou nenpòt jan, ou gendwa pou mande modifikasyon rezonab gratis, èd ak sèvis oksilyè (aplikan ak konpayon), oswa lòt aranjman lè sa nesesè pou jwenn aksè nan pwogram yo oswa enfòmasyon.
- Si ou genyen pwoblèm pou li, ekri, pale, oswa konprann lang Anglè, ou gendwa pou mande sèvis asistans lang gratis (entèprèt, materyèl ki tradwi, oswa sèvis dirèk nan lang).
- Ou kapab ale nan tribinal pou nenpòt desizyon ke biwo lokal-la pran sou kalifikasyon-ou pou Pwogram WIC-la.
- Biwo lokal-la va mete sèvis sante ak edikasyon sou zafè nitrisyon disponib pou oumenm epi ou ankouraje pou patisipe nan sèvis sa-yo.
- Chirijyen Jeneral Florid-la ka otorize piblikasyon ak itilizasyon de enfòmasyon osijè de patisipasyon-ou nan pwogram WIC-la a biwo Eta e biwo lokal WIC-yo e ak òganizasyon piblik-yo sèlman pou yo itilize nan administrasyon pwogram-yo ki sèvi moun ki kalifye pou pwogram WIC-la. Moun ki resevwa enfòmasyon-an kapab sèlman itilize-li pou detèmine kalifikasyon-ou pou pwogram pa li, pou mennen enfòmasyon pou pwogram-li, pou amelyore sante-ou, edikasyon oswa byen-nèt pandan ou enskri nan pwogram pa li-a, pou senplifye metòd administratif-la pou redwi chaj sou ou oswa chaj anlwaye-yo e pou evalye koman ke eta Florid la reponn a bezwen sante patisipan yo ak rezilta sante yo.
- Pwogram WIC la kapab kominike avèk founisè swen sante mwen yo pou asire sèvis yo kontinye.
- Mwen pap vann manje, fòmil bebe, manje medikal, oswa ponp tete mwen achte ak kat EBT WIC osinon sa yo ban mwen nan pwogram WIC, ni mwen pap chanje atik WIC-yo pou okenn bagay de valè. Mwen konprann ke fòmil bebe mwen achte ak kat EBT WIC pa kapab chanje nan makèt-la pou yon lòt mak oubyen lòt tip de fòmil.
- Yo konseye mwen sou dwa ak obligasyon mwen nan pwogram-nan. Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay pou detèmine kalifikasyon kòrèk, dapre sa mwen konnen. Enfòmasyon sa a obligatwa pou kapab resevwa asistans Federal. Ofisye pwogram yo ka verifye enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann ke fè yon fo deklarasyon pa eksprè, deklarasyon ak manti oswa ki mal reprezante pa eksprè, kache oswa refize bay enfòmasyon ka lakòz peye Biwo Eta, ak lajan kontan, vale benefis manje mwen resevwa nan move kondisyon epi sa ka lakòz mwen tonbe anba pouswiv sivil oswa kriminèl anba lalwa Eta ak Federal.

Konsantman: Lalwa Federal anpeche ke mwen idantifye/pitit mwen idantifye kòm patisipan nan WIC san konsantman mwen. Nan papye sa-a mwen bay konsantman mwen pou Pwogram WIC kontakte mwen pa telefòn (kite mesaj nan repondè mwen/mesaj vokal), imel, oswa pa lapòs (kat postal), si gen bezwen. Konsantman mwen enkli osi pou kontakte mwen nan nimewo selilè mwen bay ak/oswa pou kontakte mwen pa mwayen de yon sèvis telefòn otomatik avèk oswa san yon mesaj vwa pre-anrejistre. Mwen konprann ke se dwa mwen pou mwen refize jan de kontak sa-yo e ke desizyon sa-a pap afekte kalifikasyon mwen oswa sèvis nan Pwogram WIC-la. Mwen fè estaf WIC la konnen de desizyon mwen pou bay konsantman oswa pou pa bay konsantman.

Lòt moun ki ap pran swen avèk ou/Delege-ou: Mwen fè estaf WIC la konnen de moun ke mwen chwazi pou ko-gadyen ak/oswa repranzantan mwen oswa de chwa mwen pou mwen pa chwazi yon ko-gadyen ak/oswa yon repranzantan nan moman sa a.

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.